Lekòl Konsèvatwa a
Rezime Plan Angajman Paran ak Fanmi pou Ane Fiskal 27 la

Deklarasyon Misyon Angajman Paran ak Fanmi

Fanmi yo ak anplwaye Lekòl Konsèvatwa a ap travay men nan men pou ankouraje patisipasyon ak angajman paran yo atravè volontarya aktif ak patisipasyon nan evènman lekòl yo. Paran yo, anplwaye yo, patnè kominotè yo, ak lòt moun ki gen enterè ap kolabore pou pran desizyon ki pral bay elèv nou yo konpetans, kouraj, optimis, ak entegrite pou yo pouswiv rèv yo.

Reyinyon Anyèl Tit I

Chak ane, fanmi yo envite pou patisipe nan reyinyon sa a nan kòmansman ane lekòl la pou yo ka aprann plis bagay sou Pwogram Tit I nou an nan tout lekòl la ak egzijans Tit I yo. Reyinyon nou an ap fèt Mèkredi 26 Out 2026 a 9è nan maten nan kafeterya a.

Fòmasyon sou Angajman Paran ak Fanmi

Baze sou enfòmasyon ki soti nan sondaj fanmi an, nou pral bay aktivite sa yo pou ede fanmi yo konprann kourikoulòm leta a ak evalyasyon yo pou ede fanmi yo sipòte siksè akademik pitit yo:

- *Gid Siviv Lekòl Mwayen*pou sipòte paran yo pandan y ap pase tranzisyon an ak elèv yo nan lekòl presegondè. Paran yo ap gen yon pi bon konpreyansyon sou kijan nòt yo fonksyone, ki sa yo atann pou pitit yo, ak kijan pou yo kontakte pwofesè yo pou sipò siplemantè. Paran yo ap kapab itilize plizyè zouti tankou Google Classroom ak SIS pou ede kontwole pwogrè akademik pitit yo lakay yo. (Septanm 2026)
- *TCS Plezi ak Sware STEM*pou enfòme paran yo sou yon varyete konpetans ak referans ki gen rapò ak Syans, Teknoloji, Jeni ak Matematik (STEM) pou ede pitit yo pratike konpetans sa yo lakay yo. Yo ka aplike epi pratike konpetans sa yo lakay yo selon lè yo kouvri yo nan salklas la. (Oktòb 2026)
- *Pare pou briye - Konprann Tès Eta a ak sa pou fè ak rezilta yo*kote paran yo pral aprann kijan pou analize nòt egzamen PM2 ke elèv yo te pran an Desanm. Apati nòt sa yo, paran yo pral pi byen konprann ki sipò yo bezwen bay elèv yo pandan y ap prepare pou PM3. Nou pral anseye paran yo tou sa ki pral evalye espesyalman sou PM3 ak enpak nòt sa yo. Sa ap ede paran yo planifye aktivite ekstansyon ak ratrapaj pandan elèv yo ap fè tranzisyon nan pwochen nivo klas la pou evite gwo bès ete a. (Janvye 2027)

Pataje Desizyon yo

Y ap envite fanmi yo nan plizyè reyinyon pandan tout ane a pou resevwa enfòmasyon akademik, rapò, epi bay opinyon sou fason lekòl la, fanmi yo ak elèv yo ka pataje responsablite pou siksè elèv yo. Nou espere w ap vin jwenn nou pou reyinyon SAC yo, konferans paran yo, reyinyon Tit I yo, ak fòmasyon paran yo.

Kominikasyon

Baze sou opinyon ou, nou pral bay dat ak lè reyinyon fleksib pou akomode orè travay yo. Nou pral kominike tou yon fason kontinyèl e alè atravè plizyè metòd tankou sit entènèt lekòl nou an, medya sosyal, imèl, apèl nan men pwofesè yo ak administrasyon lekòl la; atravè feyè nou voye lakay ak elèv ou a, bilten/kalandriye lekòl la, ak rapò akademik yo. Si ou remake kominikasyon an pa sanble ap rive lakay ou, tanpri fè nou konnen.

Aksè pou tout fanmi yo

Nou ankouraje tout fanmi yo pou yo patisipe nan reyinyon ak evènman yo. Anplwaye lekòl la ap bay sipò ki nesesè pou tout fanmi yo kapab patisipe epi angaje yo nan edikasyon pitit yo. Nou bay dokiman tradui ak entèprèt (rapò akademik, feyè), espas reyinyon aksesib, ak plizyè jou ak lè reyinyon. Tanpri avize lekòl la si ou bezwen lòt asistans. Nou vle tout fanmi yo patisipe nan edikasyon pitit yo!

Volontè yo

Nou ankouraje fanmi yo pou yo fè volontarya nan lekòl nou an pou ede elèv yo ak pwofesè yo reyisi. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou opòtinite volontarya yo, tanpri rele kowòdinatè volontarya lekòl nou an, Dr. Lexande, nan nimewo sa a.ismaelle.lexande@palmbeachschools.orgNou ta renmen anpil pou nou gen èd ou.

Plan nou an

Plan sa a te ekri an patenarya avèk fanmi yo, anplwaye yo, ak manm kominote lekòl nou an. Nou akeyi sijesyon ou yo pou amelyore pratik angajman fanmi nou yo. Nou ankouraje w tou pou w patisipe nan Reyinyon Kontribisyon Moun ki gen Aksyon anyèl nou an nan sezon prentan an epi ranpli evalyasyon fòmasyon yo, ansanm ak Sondaj Angajman Paran ak Fanmi ki voye lakay chak ane.